ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

АДЫГЭ ЛЫЗЫ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№164 (21.072) ● 2007 гъэм шыщхьэIум (августым) и 22, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2007 гъэм гъатхэпэм и 15-м Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №71-ПП-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и ГуэхукI

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм шыщхьэIум и 16-м *№214-ПП*

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«2007 гъэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ГуэхукI» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законыр гъэзэщIным хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэм ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм гъатхэпэм и 15-м кыдигъэкIа Унафэ №71-ПП-м и пункт 17-м и егIуанэ абзацым зэхъуэкIыныгъэ хлъхьэн икIи «псори ахъшэ Iэрылъхьэу» псальхэм я пIэкIэ «лэжьапщIэм фIэкI къэмынэу адрейр ахъшэ Iэрылъхьэу» жиIэу къэхъын.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей

ЦIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэ бжыгъэр 2007 гъэм и II кварталым Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ гъэувыным и ГуэхукI

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм шыщхьэIум и 16-м *№209-ПП*

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм цIыхур щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр бжыгъэр 2007 гъэм и II кварталым Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ гъэувыным и ГуэхукI

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм шыщхьэIум и 16-м *№209-ПП*

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм цIыхур щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизыр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэрыилъхьам тету гъэувын 2007 гъэм и II кварталым зы цIыхум тещIыхьауэ сом 2884-рэ, лжьакIуэ ныбжьым итхэм папщIэ сом 3080-рэ, пенсионерхэм папщIэ сом 2217-рэ, сабийхэм папщIэ сом 2806-рэ хъуу.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей

Я нэIэ тету

2007 - 2008 гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу ди республикэм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм кupыт школыщIэхэр къыщыгъэIуахынущ.

ФОКIАДЭМ и I-м - щIэныгъэхэм я махуэм - ирихьэлIэу еджакIуэ минхэм хуащIыну тыгъэ гъапIэщ ар. ШколыщIэхэм щекIуэкI ухуэны гъэлэжьыгъэхэр здынэсамрэ ахэр IэщIагъэлIкIэ, зыхуеину унэгъащIэрэ IэмэпсымэкIэкIэ къызэрыкъзгъэпэщамрэ къыщащIыта зэIущIэ иджыблагъэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ куейм,къалэхэм я щIыпIэ администрацIэхэм я Iэтащхьэхэр, шюльщIэхэм я унафэщIхэр, ухуэныгъэхэр езыгъэкIуэкI Iуэхущ Iапи Iэхэм я лЫкIуэхэр.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий зэIущIэр къыщыIуха нэужь, абы псалъэ яритащ зэхуэсым кърихьэлIэхэм. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм зэхуэдэ фIагърэ псычIыгъэр яIэу дэнэкIи щекIуэкIыркъым. Кьинэмыщ1ауэ, школыщIэхэр Iэмал имыIэу зыхуеину унэгъащIэхэмкIэ, лаборатореэ, зэрыпщафIэ оборудованэхэмкIэ иджыри нэсу къыщэгъэпэщакъым.

Къыжаа псори къыщыгъэщIкъуэжым, Щхьэгъэпсом къыхигъэщащ мы гъэм республикэм щаутIыпщ школыщIэхэм я лэжьакIэм, Iуэху зэтеубгъэкIэм министерствэм и нэIэ тет эныгъэ зэрыщытынур. ЗэIущIэм къэкIуэлIаха эм апхуэдэу абы гу лъаригъэтащ школакIуэхэр щэджагъуашхэ пщтыркIэ къызэгъэпэщынри мыхьэнэшхуэ зиIэу, уебгъэмэ ди Президентыр и щхьэкIэ зыкIэпIыпль Iуэхугъуэу зэрыщытым.

БЕТЫГЪУЭН Хьэмишэ.

● Зэ1ущIэхэр

Иджы яп дыдэу

Москва и гъунэгъуу щыIэ Жуковский аэродромым кыкIыщIэIуахаш «Макс» авиасалонырь.

Абы иджы яп дыдэу щагъэIуагъуэ нэхъапэм зыри зытрамыгъапIуэу щыта Ми-71 вертолетыр, Су-25 къхъухьлъатэр, дамэ зытет «Метеорит» ракетэр.

ЗэIущIэм къырихьэлIащ дунейм и къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я фирмэу, корпорацIэу 800-м щIигъуи я лЫкIуэхэр.

Къызэхуэсахэм защыхигъаэзм, УФ-м и Президент Путин Владимир и гуапэу къыхигъэщIыкIэхэр Урысейм и авиацIэ промышленностым псынщIэу икIи лъэщу зэрызэужьыр. Мыгуэру дунейм цIэрыIуэ Iуэщхьэнущ цIыху къэзышхI «Супер-Дженс-100» къхъухьлъатэщIэр. Ар нэгъэщIа къэралхэми куэду иращэнущ.

Путин Владимир жиIащ ди къэралым дзэ авиацIм щIэ ефIэкIныгъэр зэримыгъэкIуэдынур.

И пIальэр къэмысу

США-м и НАСА-м и пIальэр къэмысу гъэуэу кыгъэрихьэхьажащ Дунейпсо хьэрш станцым щыIа «Эндевер» къхъухьр.

Ар щIым къэсыжын хуейщ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Iуфэхэм лъэщу ебгъэрыкIуэ «Дин» жьапщэшхэм и пэ кыхуэу. Пэжщ, ар къхъухьм и дежкIэ апхуэдэу шынагъуэ кым, ауэ «быдэ» и анэ гъыркъым».

Езы жьапщэшхэм игъэгуэжьеящ Мексикэм псыдэжьпIэм къеГъэщIыIа къэралхэр. Куба, бомм Мексикэмэ ящыщ щIыху куэд ягъэIэпхъащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙОлег.

Iугъуэмрэ пшагъуэмрэ

Москва хуабэр градус 30-м къыщежьыкъым. Синоптикхэм зэрыжаIамкIэ, мы тхьэмахуэ зэхуакуэм нухыку апхуэдэу екIуэкIынущ.

Абы кьыщащ Москва и гъунэгъу мэзхэм мафIэ ящIэнэ.

Iугъуэр къалащхьэм щхьэщыхьащ. Абы гуэру иретхъэ зи узыншагъэр мыщIагъуэхэр. Мы зэманым мафIэр щагъэункIыфIыжащ щIыпIэ псоми.

НэгъуэщI нэщIэбжьэщ Москва и Iэшэльашэхэм ящхьэщыхьа пшагъуэ Iувыр. Абы и эрамкIэ узрамхэм автомобиль куэд щыщэжьэхуэащ. ЦIыху зыбжанэ хэкIуэдащ, фэбжь зыгъуэтахэр сымаджещхэм нагъэсащ.

(ИТАР-ТАСС)



◆ Коми Республикэм и махуэщ. ВЦИК-м и декреткIэ 1921 гъэм щыщхьэIум и 22-м РСФСР-м хэт Коми (Зырян) автоном областыр кьыхэзагъэпэщащ. 1992 гъэм кьыщыщIэдзауэ УФ-м хэт Коми Республикэщ.

◆ Ильэси 130-рэ и пэкIэ (1877) урысей зауэлIхэм Уэсмэн паштыхьыгъуэм кьыГэщIагъэкIыжащ Ловеч къалэр (Болгарие Ищхьэрэ). Зэхуэм хэкIуэдащ урысейхэу, болгархэу 1700-рэ.

◆ Ильэс 45-рэ и пэкIэ (1962) Совет Союзым и ЛIыхъжь Ильюшин Владимир яп дыдэу уэгум дригъэкIуэящ ракетэзехьэ Т-4 («100») къхъухьлъатэр. Ар лъабжьэ хуэхъуащ ди къэралым авиацIэмрэ космоавтикэмрэ лэжьу зыщегъэжьыным.

◆ Ильэс и пэкIэ (2006) Донецк (Украинэ) и гъунэгъуу уэгум къыщехъэхащ АнатIэ икIыу Санкт-Петербург кIуэ Ту-154 къхъухьлъатэр. Сабий 49-рэ хэту цIыхуи 170-рэ хэкIуэдащ.

◆ ЩIыщкъэIум и 22 - 25-хэм Ванкувер (Канадэ) щекIуэкIынущ 7-нэ дунейпсо стоматологие конгресс.

◆ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэт 6-рэ дакьикIу 19-м, къуэлэжьинуи сыхьэт 20-рэ зы дакьикъым.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакьикIэ 42-рэ.**

ЛIэужьыгъуэ къыдилъытэрэр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Шэрэдж куейм

Я щIы Iыхьэхэр мывалъэми

Шэрэдж куейм хыхьэ Жэмтхьэлэ кьуажэр кьуршым зэрыпэтъунэгъум кьыхэкIыу ежьаврэ, пхъэщхьэмыщхьэри кьыщрахьэлIэжыр республикэм адрей и щIыналъэхэм нэхъ-рэ мазэ хуэдэкIэ нэхъ гувауэщ.

ЩIым и хьерыр дунейм и щытыкIэм и мызакъуэу, езы щIым и зэхэлъы-кIэми зэрелытар мы щIыпIэм щынэрылъагъущ. «Унагъуэхэм зэрахьэ хадэ кIапэр кьаIыпхкIэ, зыри жаIэну ди фIэщ хьуркъым, ауэ мэкъупIэкIэ дэкьуэзэныр псом нэхъ щхьэрыжэ ящхьу», - жаIэ кьуажэ унафэщIхэм. Ар гурыIуэгъуэщ. МывэкIэщхьэр зэбжкI щIым гъавэрэ хадэхэкI ямыленкIэ уэзыщигъэгугъыркъым, ауэ жьыг щыбгъэкIыну сыткIи кьуэзгъ. Жэмтхьэлэ Ипщэ кьуажэм бэджэндырылажьэу цIыху 600 дэсщ. Абыхэм ящыщу 50-м ахъшэ щIыхуэ кьэралым кьыIахри, Iэщщыхуэ зэрагъэпэщащи, яхурикъун мэкъупIэ ямыIэу хьуркъым.

МэкъупIэу гектари 100-м нэс иIэщ мы кьуажэм. Щыр мэкъупIэу кьэбгъэсэбэлынурылъагъущ. «Унагъуэхэм зэрахьэ хадэ кIапэр кьаIыпхкIэ, зыри жаIэну ди фIэщ хьуркъым, ауэ мэкъупIэкIэ дэкьуэзэныр псом нэхъ щхьэрыжэ ящхьу», - жаIэ кьуажэ унафэщIхэм. Ар гурыIуэгъуэщ. МывэкIэщхьэр зэбжкI щIым гъавэрэ хадэхэкI ямыленкIэ уэзыщигъэгугъыркъым, ауэ жьыг щыбгъэкIыну сыткIи кьуэзгъ. Жэмтхьэлэ Ипщэ кьуажэм бэджэндырылажьэу цIыху 600 дэсщ. Абыхэм ящыщу 50-м ахъшэ щIыхуэ кьэралым кьыIахри, Iэщщыхуэ зэрагъэпэщащи, яхурикъун мэкъупIэ ямыIэу хьуркъым.

ЩIым и хьерыр дунейм и щытыкIэм и мызакъуэу, езы щIым и зэхэлъы-кIэми зэрелытар мы щIыпIэм щынэрылъагъущ. «Унагъуэхэм зэрахьэ хадэ кIапэр кьаIыпхкIэ, зыри жаIэну ди фIэщ хьуркъым, ауэ мэкъупIэкIэ дэкьуэзэныр псом нэхъ щхьэрыжэ ящхьу», - жаIэ кьуажэ унафэщIхэм. Ар гурыIуэгъуэщ. МывэкIэщхьэр зэбжкI щIым гъавэрэ хадэхэкI ямыленкIэ

Кlэрашэ Тембот ягу къаГэкIыж

АДЫГЕЙ. ***Цыхуэб тхакIуэ, цIыху щэджащэ КIэрашэ Тембот къыззральхъурэ илъэси 105-рэ мы гъэм ирокIу. Абы и махуэм ирилъэу республикэм и телевиденэм нэтыт гъэщIэгъуэн игъэхьэзырынущ.***

КIЭРАШЭ Тембот теухуа нэтыным лъабжьэ хуэхъунур 1986 гъэм Тыркум кьикIыу Совет Союзым къэкIуа Бэтрай Едыдж трихауэ щыта видеофильмырщ. Адыгэ щIалэм абы щыгъуэ адэжь щынэлъэм видеокамерэкIэ сурат куэд щытрихат. ИужькIэ ар Тыркуми адыгэхэр куэду щыпсэу нэгъэущI къэралхэми щагъэпэгъэущ. Едыджым тракхаэм яхэтщ сыхьэт ныкъэм щIигъукIэ тхакIуэ цIэрыIуэм дищIа интервьюри. Ар иджы япэу республикэм щагъэпэгъуэну аращ.

Уз зэрыцIалэм зыщахъумэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и ветеринар нэхъыщхьэ Анцибэ Эрик иджыблагъэ зэрыжаIамкIэ, Куржым дяпэкIэ пымрэ лыхэкIэкIэмрэ кьырагъэшынуныкъым.***

ветеринар Iуэхущ1апIэхэм Iэмэпсымэхэмрэ хущхьуэхэмрэ яIэщ. Республикэм и Президент Бэгъэщ Сергей щытыкIэр и нэIэ щIигъат зэпытщ.

Щ1ыналъэм зеужь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм, Кьыз-зэритамкIэ, «Кубань-2007» дунейпсо экономикэ зэхуэсым инвестицIэ проект 20-м щIигъуКЪЩР-м щигъэпльагъуэнущ, псори зэхэту сом мелард 83-рэ я уасэу.***

УХУЭНЫГЪЭ, промышленнэ Iэнатlэхэм щылажьэ инвесторхэм хуагъэпльэгъуэнущ ухуэныгъэ материалхэр, псалъэм папщIэ, цемент, чырбыш, блок къыщIэзыгъэкI заводхэр. Апхуэдэуи мурад яIэщ гъущ-бетон къыщIэзыгъэкI завод, хуабэ электростанц Черкесск къалэ щрагъэхуэну. Абы нэмыщIкIэ гулъытэ хуащIынущ республикэм и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр, къалэ электросетхэр егъэфIэкIуэным.

Министерствэм и лэжьакIуэхэм къызэрыхагъэщIымкIэ, щIыналъэм кьрашэлIэну инвесторхэр дахьэхын хуейщ республикэм и турист, мэкъумэш Iэнатlэхэм, автомобиль къыщыщIагъэкI заводым, гидроизвергателхэм, нагъэщIыкIэхэм.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, «Кубань-2007» 6-нэ дунейпсо экономикэ зэхуэсыр фокIадэм и 20 - 23-хэм Сочи къалэм щекIуэкIынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙОлег.

И нэIэ тетыр

Зэ1ущIэхэр

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщIэхэм я жэуапхэр

Маршрутхэм трагъэувэну автобусхэр яхурикъуркъым

«Пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэ цIыхухэм нэхъ я забэкIыгъуэ сыхьатхэм маршрут №7-м тет транспортыр икъукIэ зэпэуфыбда мэхъу. Автобус цIыкIуэхэр лэжьыгъэм пэлъэщыркъым. Пщэдджыжьым пIаIэхIэ автобус нэхъ ину зыбжанэ мы маршрутым кьыграгъэувэну мыбы трагъэувэжьэ, зэблэуцIыкIуэхэм».

Тхъэмокъуэ М.Б., Налшык къалэ.

Жэуап кърет Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Хьэмгуокъу Л.Б.:**

- Налшык къалэм и автобус паркыр псори зэхэту автобус 98-рэ хъууэ арац. Абыхэм ящыщу 10-р илъэси 6-м щыщIэдзауэ илъэс 20-м нэсауэ мэлажьэ. Автобус 88-рэ зэщIыгъуу лъэныкъуитIым зэхалъхьа «Урыс автобусхэр» программэм ипкъ иткIэ кратащ. Апхуэдизу транспортым я щытыкIэм елъытауэ махуэ къэс гуэрыгуэ тоувэ автобус 85 - 90.Ахэр къалэм и кIыхьагъкIэ кIуэцIрыкI (магистральнэ) маршруту тхумрэ фIэкIыпIэ имыIэу зыдэкIуапхъэхэмрэ (жыг хадэхэм, кхъэм, нэгъуэщIхэм) яхурикъу къудейщ. Маршрут №7-р нэхъыщхьэхэм ящыщкъым, апхуэдизу цIыхуэшхуи щызекIуэркъыми, иджыпсту автобус цIыкIуу тетыр хуроркъу. Автобусит-щы нэгъуэщI щыпIэхэм къыщытрачу мыбы трагъэувэжьэ сэбэпынагъ иIэнукъым, сыту жыпIэмэ ахэр зэрызекIуэнур дакъикъэ 30 - 40 я зэхуакуурэщ. Магистральнэ маршрутхэм я лажьыгъэми ар зэран хуэхъунущ. ЦIыхухэр гугъу емыкьын папщIэ ахэр къезышэкIхэм яхуэдгъэуващ пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэ езыхэм я зыгъэпсэхугъуэр ягъэмащIэу, нэхъ щIэх-щIэхыпэ зекIуэну. Апхуэдэу чэнджэщ еттащ зи лэжьэгъуэу щымыт сменэхэри нэхъ пылъэрэфIэхъу щыщыт сыхьатхэм маршрутым кьытехьэну. А псоми Iуэхур ирагъэфIэкIуэну дыщогъ.

Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм гъуэгур щызэрагъэпэщыжынущ

«Дыноплъэ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм и Октябрьскэ уэрамым зэрыщызекIуэ гъуэгур зэрагъэпэщыжынымкIэ укъыддэIэпыкъуну».

Ало М.Хь.

Жэуап кърет Шэджэм муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ **Мамбэт М.Хь.:**

- 2007 гъэм ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм я планым ипкъ иткIэ, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм и уэрамхэр зэгъэпэщыжыным сом 747649-рэ хухахащ. Октябрьскэ уэрамым и зеIуапIэ гъуэгур капитальнэу зэгъэпэщыжынымкIэ проект-сметэ документхэр хьэзыр хъуащ, (сметэкIэ абы сом 347500-рэ ехь). Финансхэр къаутIыпщу зэрызекIуэжьэу, Октябрьскэ уэрамыр псом япэ зэрагъэпэщыжынымкIэ щIадзэнущ.

Ди республикэр, псом хуэмыдэу Налшык къалэр махуэ къэс нэхъ зэIуэзэпэщ, дахэ зэрыхъур ди нэгу щIокI - КъБР-м зыхуегъэкъэзыр Урысейм зэрыгучэрэр илъэс 450-рэ зэрырикъур гъэтхэпIэным.

Грозный Иван и щхьэгъусэу щыта, Идар Темрыкъуэ ипхъу Гущэнэ и т еплъэ уардэр кьыхэзрыщэри мымащIэу ихэтщ къалащхьэр зэрагъэщIэращIэ плакатхэм.

Сурэтыр **КЪАРГЕН Эдуард** *тримлащ.*

● Жьыщхъэ махуэ

Зи жьыIэр тIу ямыщI анэр насыпыфIэщ

ЫХЬЭМЫГУЭШУ къалытэ насыпым и Iыхьэ кьыхиха и гугъэт зи хьэгъуэлIыгъуэр дах ЖантIимэт. И напIэ ирихьэхам кьыщIэгуфIыкIыу нысащIэр хуэхъа плIанэмэ дзэт. 1996 гъэм и гъатхэ махуэ дахэм Зыгъэлхэ зи хьэгъуэлIыгъуэр ящI Мыхьэмэт и ныбжьыр илъэс 18 ирикъуа къудейт. ЖантIимэти и щауэм нэхъ р илъэситIкIэ нэхъыщIэт. Зи щIалэгъуитIым я лъагъунытгъэм хуэдэ дуней псом темытру къащыкъурт, ныбжьыщитIыр пэплъэрт гъащIэ дахэ.

Зэщхьэгъусэхэр зэрызэдэпсэуэрэ мазий фIэкIа мыхъуауэ Мыхьэмэт дзэ къуалыкъым ираджащ. ЦIыхубз щIалэ дыдэр и гущэ-тхьэмадзмрэ гущэшхэмрэ къабгъэдэнащ.

- Сызыхьыха унагъуэм сыдахьэх зэпытурэ кIуэрт, - игу къегъэкIыж �жантIимэт. - Си гущэшхэуэми си гущэми бзэ IэфI яIурылыт, сымыщIэ псори зэрызагъэщIэным хэтт. Зи быным хуэдэу сыкъэзыгатIу щIыхуэ I ущIатIым езыхэм ящI ЮкI щэ псоми сыхурагъаджэрт, сыхуагъасэрт. Абыхэм ящI щIакIуэхэмрэ бащIыкъэмрэ хуэдэ зыхуэщIу кьуажэм зыри дэстэкъым.

Зэманыр гугъути, псэугъуейт. Сэри адрей кьуажэдэс цIыхубзхэм я гъусэу пщIакIуэ сыдэкIырт, щIэп зэтпхырт, нартыхудэч дыкIуэрт. КIэщIу жыпIэмэ, губгъуэ лэжьыгъэм зи льэ вакъэ изыльхъэр дыпэрыт.

Ильэсищрэ ныкъуэкIэ дзэм кьуэлькъу щызыщIа Мыхьэмэт и унэ къежIуэIэжащ икIи зищIэу и лэжьыгъэм «Кавказ плъыжь» колхозым щыпищащ. Зым Iэпыхур адрейм кьищтэжу зэдэпсэу зэщхьэгъуситIым бын щIыкIунщ зэдагъэутат. ЦIыхур зэхъуапсэ унагъуэ дахэм гузэвэгъэщхъуэ кьащытепсыхам, я бын нэхъыжыр еянэ классым, нэхъыщIэр етIуанэм щIадзэу арат.

Зэрихабзэу, ЖантIимэт и щхьэгъусэм гъуэмылэр хуэгурилъхьэри гуфIэжу губгъуэм дигъэкIащ. ЗэщIаку хъэжа мэкъур абыхэм гъэIыгъыыкIэм яшэну арат.

Трактором иту мэкъу кьыдрадзэйр зэтгъылъхьэ Мыхьэмэт бэлэрыгъауэ тракторым зричащ икIи мэкъущхъэм тет лIыр кьехуэхэри мывэм щхьэкIэ техуащ. И лэжьэгъуэр Мыхьэмэт щыбгъэдэлъэдам, абы и пэр хэкIащ.

Къуажэмэ хьэблэмэ Зыгъэлхэ къатепсыха гуауэр хуабжьу зыхащIащ, зэралъкIкIи унагъуэм и гуауэр дагъэпсыщIащ. Зи къуэ закъуэр щIэзыплъхьэжа Забинэт и нысэм епльыху и гущIэм зигъэзэрт, и къуэрылъку щIакIуищым едгъэщIэурэ и бгъэм щIикъузрт. Iэмал зыхуимыгъуэт жаалым зеиншэ ищIа сабийхэм я псуэкIэ хьунум иригулэз анэщхуэм и нэпс шыугъэм и нэкIущхьитIыр трисыкIырт.

- Сыт хуэдизкIэ си гуауэр мыхьэлъэмит, - ити къегъэкIыж �жантIимэт, - адакIэ псэун, бынхэр пIын хуейт. ПхъэмыкIэным хуэдизщ мыбдежи си гуащэр щIэгъэкъуэн хъэзэрыскхъэхуар. Ар сэ схуэхьурт чэнджэщ щIэгъ нэс, гъэгурыгъэлагъуэ Iущ. «А, си хьиджбз, - жIорт абы, - сэ сыгъуэ шэху, сыпсэуху, уи бгыр щIэкъуэи дэжьэн щIэдзэ, мыдэкIэ сэ схуэзфIэкIынур аращи, уи бынхэм сакIэлIыплIэнщ, сэ абыхэм дей къатезгъэхьэнкъым. Унагъуэ Iуэхуми сэ схуэзфIэкIынухэр пщхьэщыхьынщ».

Арати, зи ныбжьыр илъэс 34-м ит �жантIимэт къарууэ иIэр зэхилъхьри, лэжьэн щIидзэжащ. Илъэс 47-кIэ ар Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм пщIэрэ нэмысрэ кIыхуащIу пэрытащ. Абы щыщу илъэс 30-м «Кавказ плъыжь» колхозым и зы бригадэм и пащэфIу щытащ. �жантIимэт итащIуэу щыта комбайнерхэм, трактористхэм ноби жалэж а цIыкIуэхэр щалIэм хэлъа жьыдзэрагъыр, цIыху хэтыкIэ екIу иIэу зэрыщытар.

- Анэжьилъху шыпхъэм хуэдэу кьытхэтащ, - жаIэ а зэманым колхозым щылэжьахэу Зэрэкъуащ Анатолэ, Абрэдж Хьэсанш, Къунащ Анатолэ сшы. - И Iэгур и Iэнэу, шхыныгъуэ зэмылIужьыгъуэхэр Iэфы, унагъуэм щапщэфIам хуэдэу, зыгъэхьэзыр �жантIимэт жьыри щIэри арэзы ищIыфырт. Iэзыр бзэ IэфI, гумызагъэт, егъэлеяуэ къабзэлъабзэт.

ЦIыхухъу къалэнри цIыхубз къалэнри зэдихьу зи Iэнатlэм пэрыта Зыгъэл �жантIимэт кьыхуагъэфащэ фIыщIэ, щытхъу тхылъэм щIыхубзым и лъэр жан ящIырт, ар сытым дежи щIэкъуэт и къалэнхэр екIуу зэрригъэзэщIэным, зыхэт щIыхуэзэр арэзы зэрищIыным.

Нобэ ЖантIимэт жьыщхъэ махуэу зелытэжа. Ар пенсэм кIуами, сщIар куэдщ жиIэу тIысыжакъым, иджыри и бынхэм сэбэп яхуэхъу, къуажэм хуэзфIэкI дэзыщIыхь лэжьакIуэщ. И къуэ нэхьыжь Заур инженер-механикщ, унагъуэ дахэщ, зы бын иIэщ. Ипхъу закъуэри бынитIым я анэ насыпыфIэщ. И щIалэ нэхьыщIу Арсени и унагъуэкIэ зэпэщIу, бынитI иIэщ. Псом хуэмыдэу ЖантIимэт хуэлрэзыщ и нысэ Заремэ. Ар Бахъсэн сымаджэщым и травматологие къудамэм и медсестращ.

- Алыхьталэм си бынхэмкIэ сигъэлIуэтэжащ, шыкур хуэощI, - жаIэ �жантIимэт. - Пхъу етIуанэ схуэхьуа Заремэ сигъэлъагъу IэфIагъым фIэкI симыIэми, сэ сыжьыщхьэ махуэщ. Си къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр зэхуэсыжа нэужь, ар зымылъэгъуа абыхэм я адэщхуэр, гъащIэм гу щызыхьыжа тхъэмыщкIэр сигу кьоКIри, си нэпс кьыщIэмыкIын слъэкIыркъым. Бынхэм зи жьIэр тIу ямыщI анэр насыпыфIэщ, аращ сэри жьыщхъэ махуэу зыкьыщIэсылытэжыр.

ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ.

Бахъсэнеиок къуажэ.

● Фэеплъ

Махуэ Iэбу и щытхъу кIуэдакъым

ИКЪУКIЭ гугъущ, жэуаплыныгъэ зыпылъщ журналист IэщIагъэр. Ауэ абы дихьэхар, зэчий хэзиIэу кьыщIэкIар, зэрыхабзэщи, кьынкIуэтыжыркъым, щIегъуэжыркъым, нэгъуэщI Iуэхуэхэм дашэхыжыркъым. Журналистыр гумызагъэу, цIыхубзм и уэчылу, IуэхуэфхэмкIэ жэрдэмщIакIуэу щытыпхъэщ. Апхуэдэщ ди республикэм и журналист нэхъыбфIэхэр. Абыхэм ящыщу, щытхъуфIиIэу къэгъэугурыкIуащ, республикэм и журналистикэм и зыужьныныгъэм псэухункIэ телъэжа, куэдым яцIыуу, пщIэ зыхуащIу щытэ си куэдажэгъу Махуэ Iэбу.

Псэужатэмэ, абы и ныбжьыр илъэс 75-рэ иригъунут (Iэбу дунейм ехыжащ 2005 гъэм). СызэрыщыгъуазэмкIэ, тыншу щытакъым Махуэм и гъащIэ гъуэгуанэр. Хэку зауэшхуэм зэрыщIидзэу, и адэ Мухьэжыр дзэм ираджат. Ар яхэтащ бий бзаджэм и удын хьэлъэхэр мыяэмыгIэу зытехуахэм, ауэ уIэгъэхэм кьамыгъэдэхэу зэуапIэм Iухьэжырт. 1943 гъэм Сож псым (Белоруссием) щызэпрыкIым, лIыгъэ хэпху зыкьигъэльэгъуащ Мухьэжыр, а щIыпIэращ кьыщыкIари.

Мухьэжыр и щхьэпусэ Лела гугъуехь куэд игъэваш, и сабийщIэ зыхуеИ хуитгъэзэным хущIэкъуурэ. Зауэ зэманми абы и уэрэ илъэсхэми, нэгъуэщI кьуажэхэм щыпсэухэмри хуэдэу, сэрмакъэсхэр жыджэру колхозым хэлэжьыхьащ. Сабийхэри яхэтт Iэпщэрылажьэ вакIуэхэм, пщIакIуэхэм, гъавэр кьезыхьэлIэжхэм. Iэбуи нэсу зыхихщащ апхуэдэ лэжьыгъэхэм я гугъуагыр - етхуанэ классым зэрыкIуэу, колхозхэтхэм яхьихьати, я дзыхь кьэрагъэзэрэ щIалэ кьарурэфIэ цIыкIум Iуэху куэд пщэрыльхьыхьащIырт.

Еджэнри зэпигъэуэкъым. Классхэр а зэманым зэрагъэнэхур фэтыджэн уэдыдгъэхэмкIэт. Аущ кIуэкIыуэр, школым кьыIэрохьэ электрокъару къэзыIуэжь мотор. Школьм и директорым Iэбу кьалэн кьыщищIыгъат а Iэмэпсымэм кIэлъыплIыну, электроуэздыгъэр пщыхьэщхьэкIэрэ игъэблэну. А кьалэнри щIалэщIэм хъарзынэу зэмыбзыщIэфырт.

Ебланэ классыр щытхъу иIэу кьиуха нэужь, Iэбу щIотIыхьэ Налшык щыIэ республикэ интернатым. Мы еджапIэр адрейхэм кьащхьэщыкIыр т, япэрауэ, еджакIуэхэр пщIэнщэу зэрыщагъашхэмкIэ (абы мыхьэнэшхуэ иIэт сабий мэжэщIалIэхэм я едежкIэ), етIуанэрауэ, егъэджакIуэ лъэщхэр зэрыщыIэмкIэ. Интернатым Iэбу фы дыдэу щеджащ, ныбжьэгъуэфI Iэджэ щызэрыгъэгъуэгащ. И ныбжьыр илъэс 17-м ит, ар альпинист гупышхуэм хыхьэри, Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIауэ, «СССР-м и альпинист» бгъэхэIури кратауэ щытащ.

Интернатыр кьеуэ, зыщалъхуа кьуажэм егъэзэжри, егъэджакIуэ мэхъу. Мыгувэу щIалэ жаным гу кьыльетэ щыналъэм «Горнэ район» жьыхуIэу щытам) и райкомым и япэ секретару дзэжьа Пщылгъуэшым. Абы и жэрдэмкIэ Махуэр хохьэ парт, совет лэжьыгъэм икIи райисполкомым и кьудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу ягъэув. Ауэ, а лэжьыгъэми и лъэр щитхъэбыдэну хунамыгъэсу, дзэ кьулыкъым ираджэри, топгъауэхэм хагъэхьэ, офицер хуэуауи кьегъэзэж. И ныжькIэ ар щIотIыкъхьэ ди республикэм и пединститутым и филологие факультетым. ЕтIуанэ курсым щеджэу, институтыр университету зэрахьэкI.

Ар «диплом плъыжькIэ» хуеуэ, Сэрмакъ егъэзэжри, курыт школым егъэджакIуэу, завучу щыларжьэу щIедзэ.

1963 гъэм и мэлыжьхьым Дзэлыкъуэ районым кьыдэкIри щыщIедзэ «Заря коммунизма» газетыр. Абы щыIэжкIэ, ирагъэбгъагъэ тхэным хуэшэрыуэ егъэджакIуэ щIалэр. Мэлажьэ кьудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэу.

Ильэс 33-кIэ мы редакцэм щылэжьащ Махуэ Iэбу. А зэманым кьриубыдэу куей газетыр зыкъэгъэзэ зэфIэуващ. ЛэжьакIуэгупымкIэ хуащIащ. (Ар иджыпсту «Эльские вести» газетым и редакцэм хэмрэ типографиемрэ я хэщIапIэщ). Журналист зэчиифIэхэм я лэжьыгъэ иунэIу, езыми жылагъэхэм яхуэзэзыр у, жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэту, цIыхубз депутату, нэхьыжьхэм я район Совет тым и лэжьыгъэмкIи жэуаптакIуэу щытащ.

«Щытащ» - псалъэ жаIуэщ ар, Iэбу кьыхэзрыт хэмытыжыр икъукIэ сигу кьоуэ. Ар куэдкIэ щапхъэфIт. Псэуащ и гур гъащIэм, цIыхубзм сэбэп зэрыхуэхъуным хущIэкъуу, и мурадхэри кьеуэлIэу.

И лэжьыгъэфIэм кьыпэкIуэу Махуэм мызэмыгъэ кратащ дамыгъэ щIапIэхэр, щIыхь тхылъхэр, ахъшэ сауГэтхэр.

Мы тхыгъэр щызгъэзэхъэзырым сэ сепсэльащ Махуэр зи лэжьэгъуэ, ныбжьэгъуу, фIыуэ къэзыщIыхуу щытахэм ящыщ зыбжанэм. Щыгъуазэ фы хуэсщIынщ абыхэм кьыскхуалуэтахэм.

Дэхъушокъуэ Мусэ,

КъБР-м и Президентым и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэт:

- Iэбу куэд щIауэ (Сэрмакъ дэт курыт школым щыщIэса зэманхэм кьыщыщIэдзауэ) сцIыхурт. Iэбгъэ Щхьущхъэ Султlанрэ сехъуапсэу щытащ, ахэр интернатым щыщIэсащ. Сэрмакъ ныщыкIужькIэ, дыззIущIэрт, Iэджэм дытепсэлъыхьырт. Зэманыр екIуэкIыурэ, партым и Iэвлакъуэ районкомым дыщызэIущIэжри, зыкьомрэ дызэдэIэпыкъуну. Сэ райкомым и япэ секретару сыщыт; Iэбу район газетым и унафэщIт, зи Iуэхуэхэм фIыуэ хэзыщIыкIыжьхэ, дызэIущIэрт, Iэджэм дытепсэлъыхьырт. Зэманыр екIуэкIыурэ, партым и Iэвлакъуэ районкомым дыщызэIущIэжри, зыкьомрэ дызэдэIэпыкъуну. Сэ райкомым и япэ секретару сыщыт; Iэбу район газетым и унафэщIт, зи Iуэхуэхэм фIыуэ хэзыщIыкIыжьхэ, дызэIущIэрт, Iэджэм дытепсэлъыхьырт. Зэманыр екIуэкIыурэ, зыкьомрэ дызэдэIэпыкъуну. Сэ комсомол организацэм и секретару сыщыт. Iэбу цIыху сабырт, гушыIэр фIэфIт, кьаруурфIэ дыдэт. Дгъэбанэу, дыкьыдэщIрэ и хъэрхэрэгъэгъуэм ятедгъэкIуэу щытащ. Интернатыр къыщыдухьэм, Щыбзыкъуэ Хьэбыкiт гъуэсэ кьыщIри, Серпуховым дэт военнэ училищэм дыщIэтIысхьэну ди мураду гъуэгуанэ дытеуватат. «Тху» зыщIэкIэ эхэменхэр ттыри, дыщIэтIысхьат, ауэ щIж дыдэу кьыдгурыIуащ ди гум кьыльыхьэр мы училищэм кьыдитыну Iэщагъэр зэрылармырар. Дызэрыгъэсу къэдгъэззэкри, Хьэбыик мэкъумэшым, Iэбу литературэм, сэри физикэ, математикэ Iуэхуэм дыхуеджащ. ГъащIэм лэжьыгъэ Iэнатlэ зыры кьыдитами, псэупIэ унэхэмкIэ зэпэIэщIэ дищIами, ныбжьэгъугъэр зэи кьэтIэсхъакъым, дызэIыхьлым хуэзэу, ди унагъуэхэр зэрыщIыхьуу, дызэкIэльыкIуэу щытащ...

Махуэ Iэбу университетым щыщIэсам и курсэгъу Токьубей Зое щхьэгъусэу кьишат. Зэдэпсэуащ аэр хъарзынэу, Бынищ - Артур, Ирэ, Ахьмэд - зэдагъэтащ, зэдаплащ. Мы зэманым ахэр унагъуэ щхьэхуэу мэпсэу, бын тIурыт! яIэщ.

Мы зыри щызгъэжьынщ. Iэбурэ сэрэ зы зэрелъмэ щыщIэдзащ, зэныбжьэгъуфI дыззэхуэхъури, зэи дыззэрыгъэгъуэщащ, пщIэ, нэмыс ди зэхуакум дэльащ. Сэ абы сыхуохьуахьуэ ахьрэт нэхуIэ!

КIЭХУМАХУЭ Владимир.

Налшык къалэ.

● Нобэ Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэщ

Дэтхэнэри зэрыгушхуэ

Ныпыр (бэракъыр) ящыщщ дунейпсо геральдикэм (къэрал дамыгъэхэм) и тхыдэм и къыщIэдзапIэхэм. Ар къаГъэсэбэпу хуэяжащ илъэс мин бжыгъэ и пэкIэ. Псори зытращIыхьыр зыр адрейм къыхэгъэщхьэхуфIыырт. Ар къэрум. Пъэщагъым я дамыгъэ нэхъыщхьэт. Пъэныкъуэхэр щыгъэпэщIуэвэкIэ, бэракъэхьэхэр нэхъ яхъумэ дыдэхэм ящыщт. Мы зэманым дэтхэнэ я Iуэрыгъуэм и дэфэ кIэм я дамыгъэ нэхъыщхьэм и пъапIэныгъэм япэ ирагъэщ щыIэкъым.

АУЭ АБЫХЭМ ящыщу мыхьэнэ и лъэныкъуэкIэ куэдкIэ нэхъ пъагэщ къэрал ныпыр. Ари я гъусэу Гербыр, Конституцэр (Хабзэ Нэхъыщхьэхэр) иIэн хуэйщ къэралыгъуэу зыкъызэлIыытэ дэтхэнэ щIыналъэмэ.

Нобэ ди псалъэмакъыр зытеуухуар Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэщр. Ар УФ-м и Президентым 1994 гъэм щыщIэзыIум и 20-м кьыдигъэкIа Указым ипкъ итIэ ягъэпатIэ. Псори зытращIыхьыр «Урысейм и ныпыр - зи инагькIэ зэхуэдизу зэгуэда щэкI хуэкьыр, щIыхум, пльыкьым кьыхэщIыкIар - Урысей Федерацэм и пъэпкъ ныпу къэлытытэным теухуауэ» 1991 гъэм щыщхьэIум и 22-м РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм кьищта унафэращ.

Нобэрей гуфIэгъэр щыдгъэпапIэкIэ, илъэс къэзи хуэдэу, дигу къэдгъэкIыжынщ Урысей къэралыгъуэшхуэм и ныпыр къызыIетхэ ныкIам и хъыбарыр.

Зэман жьыкъэкIэ уэлэбзэкIыжмэ, адыгэхэр къызытехъукIа хеттхэм (хьэттхэм) хабзэ гъэщIэгъуэн къадекIуэкIыну щытащ. Къиш-щэну мурад зыхуищIа хъыджэбзым и уиэм и деж щIалэм щриIулIырт зи щхьэр тIууэ зэгуэущIыкIа бгэр. Ар фIахмэ, хъыджэбзыр бгъэр хъэзыукIа щIалэм кьыдэкIуэну арэзыуэ къикIырт. Ауэрэ, ар дамыгъэ нэхъыщхьэ хуэхъуащ езы хетт къэрал лIэщыщым. А къэралыр щыIулэхьэшм, дамыгъэр кьищтащ ди лъэпкъэгъу жыжьэхэм я гъунэгъу хъуа Византие пащтыхьыгъуэм (Азие Щыкъу). Ауэ, зэман дэкIри, езы Византиери зэхэкъуащ. Абы и иужьрей пащтыхьым и пуху Урысейм и тет Иван Ещанэм щхьэгъусэ ищIащ. Гуащэр Урысейм къэкIуащ щхьитI зыфIэт бгъэм и сурэтыр зытетэуэ ныпыр щхьэщыту. ПIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ Москва бэракъыу иIари аращ. Пэжщ, иужькIэ къэралым кьищтащ Андрей ныпыр, ауэ щхьитI зыфIэт бгъэр зытетэуэ дамыгъэр Гербу кьыхэзнащ, иджыпстуи зэрыщытыр аращ.

Зэрытлъагъущи, Урысейм и геральдикэм адыгэхэри кьуэпскIэ пыщIащ. Абы мы зэманми куэдрэ тотхыхь газетхэр. Лей хъункъым Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур дгъэпытIэным зыщыхуэдгъэхьэзыр мы махуэхэм ар аргуэру дигу кьэдгъэкIыжмэ.

Гербым, Гимным я гъусэу Къэрал ныпым и пщIэри лъагэ дыдэщ. Ар щIэгъэбыдащ УФ-м и хабзэхэмкIи. Псалъэм и хьэтыркIэ, судкIэ жэуапым ирашалIэ ар емызэгъыу кьэзыгъэсэбэпхэр. Нылхэр зыфIэлъын хуейр властым и Iуэхущапl э нэхъыщхьэхэм я закъуэщ (Президентыр, Парламентыр, Правительствэр, муниципалъэ зэгуэкьыгъэхэр щылажьэ зэнхэрщ).

Ныпым ди гъащIэм мыхьэнэшхуэ щыгубщ. Ар лъагэу Iэтамэ, ди гуфIэгъуэщ, ехьэхамэ, нэщхьеягъуэщ. Атlэ ди къэрал ныпыр сыт щыгъуи Iэтауэ щрет!

ШАЛ Мухьэмэд.

● Мэкъумэш

Гъакэр нэхъ машIэщ

Бахъсэн районым и мэкъумэш Iуэхущапl э хэм я хьэпэпэщэр бадзэуэгъуэм и кIэм инрихьэлIэу Iухьыжьи ящхьэщ.

УЭГЪУРЭ зэрекIуэкIам и зэранкIэ бжьыхьэсэ, гъатхэсэ гуэдзри хьэри нэгъабэ кьыграхам нэхърэ центнери 5-кIэ нэхъ машIэ хъуащ - гуэдзу ящIа якIэр 7750-м ику иту зы гектарым кьытекIар центнер 28-рэщ, хьэ гектар 7000-м щIигъуи гектарым куэзар центнер 24,5-рэщ. Iэгъабэ мылейуэ кьалытэ хьэпэпэщэм гектарым центнер 30-35-рэ кьыграхат.

Уэгъур нэхъыбэу зэран яхуэхъуащ Бахъсэнеинкэ, Крем-Константиновскэ, Псыхъурей къуажэхэм я гъавэгъэкIэм. ХэщIыныгъэ нэхъыбэ яIэщ Батыргъэ Заур зи унафэщI «Къэсей» юзяйствэмрэ Лобко Александр игъэлажьэ «Константиновское» зэхуэщIа акционер зэгуэныгъэмэ. Нэгъабэрей гъавэм елытагъэ ящ гъэм абыхэм кьыграхар процент 50-кIэ нэхъ машIэщ. 2006 гъэм гуэдзым ику иту гектарым кьыграха центнер 32,8-м мы гъэм пэувыр центнер 12-щ. Хьэм гъэ блэкIам гектарым центнер 30,4-рэ хуэзамэ, иджы ар 18-м нэсырыкъым. Лобко Александр и акционер зэгуэныгъэмэ и Iуэху нэхъыфIкъым - ику иту хьэр центнер 14, гуэдзыр - 10 ящхьэ ящ.

Мы гъэм гъавэм и уасэр нэхъ гъапIэщи, хэщIыныгъэ зиIэ мэкъумэшыщIэхэм абыкIэ я Iуэку гъэзэкIуэ жа ную мэгугъахэр. 2006 гъэм гуэдз и килограммэу сомИ 2,5 - 3 и уасэу щытамэ, мы гъэм ар сомИ 5 - 5,5-м хуэкIуащ.

Сэхуран гектар 3430-р щыщхьэIум и кIэхэм Iуахьыжьнущ. Абы ику ит бэвагъ кьытыну щогуфIэ.

Силос ящIыну нартыхуэм щыщу дыгъэр нэхъыбэу зэран щыхъу щыIэщхэм щыIэ Iуахьыжьи щIадзащи, бэвагъышхуэ къаримытми, Iэщым яшхын кьытекIынущ.

Гъавапхъэ нартыху гектар 8223-р Iуахьыжьи щIадзащ, нэхъ пасэхэмкIэ кьыщрагъажьэри. Абы щыщу псы зыщIапIэхэта гектар 3500-м нэгъабэрейм хуэдиз бэвагъ кьытекIыну мэгугъэжр.

Районыр техникэкIэ хъарзынэу кьызэгъэпэщащи, лъэныкъуэкIэ кьрашIыкъым. Лажьэу яIэ комбайн 53-м 21-р «Дон-1500»-щ, адрейхэр «Нивэ»-щ.

- Районым и мэкъумэшыщIэхэр иджы Iэщым хуогъэтIылIэ. Мэкъуу ягъэхъэзырэ тонн 10500-м тонн 3-м я яхуэщIыгъ. Жыныщ. Хьэуазэр псори зэхэзгъэпэщ хъунущ. А лэжьыгъэхэр махуипщым кьрифыбзэу зэфIагъэхьынущ. Щыщмахуэм Iэщыр мэкъумышIэкIэ яIэзэгъэпэщауэ трагъэхъэжи хуэзэфIэкIынущ, мэкъур нэхъ машIэу щытынуми. МэкъумэшыщIэхэр илъэс кьэсхуэ лэжьыгъэм нэхъ щыгъуэ зэ мэкъу икIи нэхъ иогуфIу, - жIэ Бахъсэн районым мэкъумэшымкIэ и управлен нэм и лэжьакIуэ Мэрэзэнкъуэ Борис.

УЭРЭЗЭЙ Рашид.

Адэм и лъагъуэм ирихIуэ зэкъуэшхэр

ЖЫЛАУ Аслъэн Къубатий и куэр Тэрч районым щыхьэ Болэтей къуажэщхуэм фIыкIэ къэзымыщIыху дэсакъым. Хьарбыз щIэным яIэ дыдэу яужь ихьахэм ящыщщ ар. Абы зы гектарым ику иту тонн 30-м щIигъу кьытрихырт.

Абы пIыландэрэ илъэси 10 дэкIыжащ. Иджы абы и къуэхэу Анзор, Арсен, Аслъэнбэч сымэ я адэм и гъэгуэм ирокIуэ. Ауэ, пэщ, абыхэм хьарбызым и пIэкIэ гуэдз гъэкIыным зратащ. А зэкъуэшищым илъэси 10 и пэкIэ хуэажэ администрацым ва-пIэу гектари 100 бэдзэнду кьыIахуэу зэрахьэри, гуэдзу гектар 40, горохыу - 20, нартыхуу - 15, сэхуранУ - 25-рэ хасэ. Зэкъуэшхэм псомиI щIэнигъэ ябгъэдэлъщ, щIэм зэрелжьыну щыкIэм щыгъуаззэхэщ. Гъэ кIуам, дунейр уэгъуу щыта пэтми, зэкъуэшхэм гъавэ бэв кьрахьэлIащ, гектар кьэс нартыхуу гектар 60, сэхуранУ - 20, горохыу центнер 30 кьытрахащ. Мы гъэми гуэдзым центнер 38-рэ, горохым центнер 30-м щIигъу кьыщрахьэлIэжащ.

БЭРЭГЪУН Къалмыкъ.

Тэрч район.

ЖЫЛЭТЭЖ Сэлэдин

Пащтыхь хужьым и лыкІуэ

Романым щыщ пычыгъуэхэр

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№158,160-хэм итц).

* * *

АСТРЭЖЬАН кьыззрысыжу Бекович-Черкасскэм Азие Курытым и губгъуэм зэрихьэным зыхуигъэхьэзыру щІидзащ. Ар щыгугъырт Хьэзэр тенджызым и кьуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ быдапІэ зыбжанэ зэрыщаухуам гъуэгуанэр нэхъ тынш ищІыным кьыщымынэу, ахэр зэрыщыІэр яльагъымэ, Хивэ, Бухъэра хъаныгъуэхэм Урысейм хуаІэ щытыкІэмрэ пащтыхьым и лыкІуэм кьыхуащыну щыхьымрэ кудкІэ нэхьыфІ ищыну.

Абы ирихьэлІэу Хивэ лыкІуэу ягъэкІуа Роснин Иваныр абы щыгъуамрэ гуапэу якІыуцакъым, уеблэмэ хъаным жэуап лъэпкь кьаритыжакъым, пщым лыкІуэ ищІахэр яубыдау ягъэру ялыгът, кьаутІыпщыжыкІэ ящІ. Ауэ ар щыгугъырт Хьэзэр тенджызым Іуфэм и кьуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ зэрыщаухуэм кьыщымынэу, Астрэхьан и щІыпІэ кьыззэрыщыззэрагъэпэщыр, Бекович-Черкасскэм Алексэндр Петр и кьуэр лыкІуэу мыхъуу, зауэ кьарищыІэну и ужь итУ Шыргъэзэй зэрызэхихам кьигъэгъожьауэ, езыми абы пэщІэувэн кьаруxэр зэрыкъуэзфІэкІэ кьыззэрилъхьуэр зэм хьыбгру, зэм письмокІэ пщым кьыльагъэІэсыр?. Езым кьемыупщу и щІы кІапэм быдапІэхэр зэрытращыхьыр иГу ирихьыртэкъым хъаным. Абы кьыдэкІуэ, хивэдэсхэр тыркымэнхэм яхуэхъуцІэр урысхэм гъуэгугъэльагъуэ зэрахуэхьум щхьэкІэ.

Астрэхьан щагъэхьазырхэм теуухуауэ хивэдэсхэр зэрымыбэлэрыгъым ехьэлІауэ нэгъуэщІ щІыпІэхэмкІи кьикІыуэрэ урысхэм хьыбар кьалэрыхьэрт. Псальэм папщІэ, 1717 гъэм гъатхэпэм и пэщІэдзэхэм Аюкэ кьалмыкъ хъаным Кожиным хьыбар кьыргъэдгІыщ: «Пащтыхьым и кьуэкІыщІэхэр Хивэ нокІуэ. Дэри зэрыззэхэтхамкІэ, Бухъэра щыпсэу узбекхэр, хивэдэсхэр, кьарэкалпакхэр, нэгъуэщІ лъэпкъхэри яхэту зэгуохьэ урысхэм ящтеуэну... Дэ зэрыштІэмкІэ, быдапІэхэр щауэ щыпІэм дэж псы узэфэн щыІэкъым, Іэщым ебгъэшхын щыбгъуэтынукъым... Ахэр зыхуэмэй хуэмызащэрэт... Зыхуеихэр арати, Кожиным а хьыбарыр адмиралтействэм и президентым лъигъэІэсащ".

А хьыбар мыфэмыцэр

Налшык дэт «Адыгэ унэ» тыкуэным и кьыззэгъэпэщакIуэ нкIи и унафэщI IутIыж Мэжид дигъэдыкуэм ящыщщ Тыркум и Измир кьалэ щыпсэу Кьып Мыхьмуд. Абы и IуэхущIафэхэм дыщыщигъэгъуаззм, нэхъ гъащIэгъуэм гъщыхьащ КъБР-м и щIыхубэ тхакIуэ Къэрмокьуэ Мухьэмэд и «Хьэтlохъущыкъуей хьыбархэр» тыркубзэкIэ зэридзэкIыу тхылъ кьызэрыдигъэкIар.

Зэщхьэгъуэсхэу Кьыпхэ Мыхьму дрэ Тохьуэ ярхьу Нурэрэ щIэх-щIэхьуурэ Хэкужьым къокIуэ, унагъуэ пIэу Налшык дэс ярхьу Гупсэ и деж. Нурэ унэгущIэ, Мыхьмуд щы кIдастрымкIэ инженер илъэс кулъдкIэ лэжьащ, иджы пенсонерщ. Абыхэм бынпIл зэдапIащ, ауэ Гупсэ и закъуэщ Хэкужьым къэкIуэжьну тегушхуар, я кIунщIыр Лондон щопсэу, щолажьэ.

- КъЫПХЭ къуажэкIэ Бабыгуейщ (Сэрмакъщ) зыщыщыр, ауэ Къулькъужьыкиэ дэсщ. Сурэтыщ цIэрыIуэ Кьып Мухьэмэди а къуажэрат кьызыдэкIар, - жеIэ Мыхьмуд ди псалъэмакьым и пэублэм. - Тыркум щыпсэу Кьыпхэ зэдэщIэм зэрэдежэр Бабыгуейщ, ауэ апхуэдэ жьлэу тIу мэхъу: зыр Уэрн-Яйла, адрейх зр Щыкъуерытыхьм (Средиземенэ хым) и Iуфэ лъэныкъуэмкIэ щопсэу. Къэбэрдейм япэу сыкъкъущыкIуам дэфтэр хьуМапIэм кьыщызгъэуэтыжащ ди унэкьуэщхэм ятеухуэ тхыгъэхэр. 1825 гъэм уэркъэр ябжатти, абы щыгъуэм ятхахэм хэтт сабийуэ Хэкум ящыщ си адэшхуэ Абдулчэрим (ильэситIым итт), абы и адэ Сулеймэн, адрейуэ абы и къуэшэри и къуэш бынхэри. А тхылъым и щIэтхыкIыр дэфтэр хьуМапIэм кьыщIэсхащ, адэкIэ лIакъуэм кьыпыщIащхэм я щIэхэр пыстхэкIри, зэпычыжьхуэ ди зыкIэгъуэ тхыдэр зэрэIэзгъэувэжащ, иджы абы ди щIэблэм кьыпищэнымэ хуитщ. Ауэ зэкIэ дигу зыгъэнывыкъэр зыкъэтIэтту, псори Iэщыбгъ тщIыуэ дыкъэкIыжьи зэрымыкъурщ.

- Дэ И Измир кьалэщ дыщыпсэур, - кьыпещэ Мыхьмуд и псалъэхэм Нурэ. - Куэду щыпIэ дахэщ, дыхьуеир щыдогъуэт, мылькуи псэупIэ хэщрэ ящы диIэщ, ауэ щIыпIэу дызытеувэр дыдейуэ зэрыщIымытыр сыт щигъуи зыхьдощIэри, аращ щIыIэу ди гум ильыр. Адыгэ льакъэм укьыщихьэкIэ, жьэдэпшэ хьэуамэ, уэзфэ псымэ, узытеувэ щIымэ и Iэфlагъыр заншIэу псэм йохуэфыпIэ. Дыкъэжьэкъыпэнуэ ауэ дэ ди ныбжькIэ здыиэсам Хэкум дыкъыззэрыкущхьэпэжьнум нэхърэ, зи кьарр илъыгъуэ, зи дуней тетыгъуэ щIалэгъуалэм дакьыщдэIэпыкIыу кьэдгъэкIуэжрэ, абыкIэ дызэрыщыIэм хуэдэу закьыщIэгъакъуэмэ, нэхъыфIу кьыдолъытэ. Апхуэдэу щытми, щIэхщIэхьурэ дыкъыщэрыкIуэмыкIым, нэхъыбэрэ дызэрыщIэным дихуущокъу.

- Мыхьмуд, адыгэбзэмрэ адыгэ лъахэмрэ уапэIэщIэу укъэхъуауэ анэдэлъхубзэкIэ тха тхылъыр зэдзэкIыным пыщIа лэжьыгъэр дауэ зэфIэпхыфа? А Iуэхум сыт утезыгъэгущхуар? Кьыпыпщэну уи мурад?

- Куэд дыдэ щIащ сэ кириллицэ хьэрфыльэр зэрысщIэрэ. Абы щигъуэм Хэкум укьыхьэ е мыбы щыщ хуиту накIуэ хьууэ щыттэкъым. Тхьэм и фIыщIэкIэ щIэныгъэншэуи сыкъэнакъым, хьерыншэуи сыщыгтакъым, адыгагъэми, адыгэ хабзэми, анэдэлъхубзэми сыхуэхеякъым.

СыщыщыкIум, нэхъыжьхьэм хьэщIэщ зэхуэс ящIырти, абы щIэх-щIэхьыурэ си адэ кьуэшым сахиIэрт. Езым щалIащ фIэкIа пхъу иIэтэкъыми, егьэлеяуэ ситыдфIэрт, снIэгъуэхуэрт, сызджхишэм сыщIгъэпсальэрт. Сысабийми, «Дауэ сыныщIыкъэн?» - жысIэу сыщыгузавэкIэ, «КъакIуэ уэ!» - жиIэурэ сытригъэгушхуэрти: «Атlэ, сыIеймэ, Аныхьым и ягъэщ, сыщIэпщIэлапщIэмэ, уэ уи ягъэщ, си адэ кьуэшыщII» - жысIэрти сыщIыхьэрт. Си нэфI зыщыхуэм фIы защIэ яужысIэр т, сигу зэбгъэми жесIэн згъу этырт. Си адэм а псор идэртэкъым, «Пащащэр умыгъэщIэ!» - жиIэрт.

Ауэ си адэ кьуэшым:

- Хужь хужьщи, шыуаным хуэдэу хужь,

Нурэ и бгыр чеим хуэдэу псыгъуэщ.

Дарий шыум ис у, шынэфибгI щIэщIауэ

Езгъэшэнущ, - кьызжиIэурэ сигъафIэрт...

Ильэс 11-м ситу КъурIэн еджэнIэ зэбгъащIэмэ, пшынэ кьыпхэущтэщхунущ кьызжеяIаIэр жыжьапIъэтэкъэ? «УмыщIэу хъунукъым!» - жаIэу сыхагъэзыхьакъым, ауэ зэман кIэщым и кIэущкIэ КъурIэныр срижэу щIэзджыкIыф сыхъущ, пшынэ еуэнми хъарзынэу сыхсхэзэгащ. Си адэ щыпхъэр фIы дыдэу еуэрт пшынэ, аращ сызыгъэсари. Зэхэмыхьэу кьафэ 400-м нэбгырэ ящIэрт абы, сэри а псор кьыхсхуэмыщтами, и нэхьыбэр зэзгъащIащ.

Ягъэм щыIа псэукIэ-зэхэтыкIэм хуэщIауэ, зыхуей игъэуту псэу щагъэуэ кьалыгъэм и Iэн хуеиг жэмышрт, мэлыщи, щакъхъуэгъажьэри, иджыри лэжьакIуэ Iэпыдзлъэпыдз зытIущ абыхэм яхэтыжу. Я нысэхээри ягъэпхуэхэри жэмыш ягъакIуэр тэкъым, ауэ IуэхуущэкIэмыщIэ у, лэжьыгъэм зыщадзейуэ кьамыгъэтрэджыкIэ щхьэкIэ, апхуэдэ Iэнатlэм пэрыт цIыхухэм гъусэ хуащIырт. Сэри си ныбжьымрэ схуэзэфIэкIынымрэ ельытагъуэ абы хэм сыдигъэзэпыкъуртти, си ней ящыхуамэ, хьуэрхэр яхуэзэусрыт.

ЦIыху 15 - 16 нэхьрэ мынэхь мащIэу, зэш-зэбынэм я унагъуэ зыбжанэу дызэхэсу дыпсэур т. Мэл щищ къашт, шыбэ гуартэхэр диIэти, si гъэм и кIуэцкIэ шы тIощым нэс псыежэхым щихь къэхъуртти, ар хэщыныгъэшхуэу зыми ильытэртэкъым. Шымахуэм мэкъумылэкIэ яхуримыгъэкъуагъэ, е нэгъуэщI зыгъэркIэ кIэлъыпытынэу къэнамэ къаруунш хъуртти, апхуэдэ Iэщыр е шыр псы уэрыпн пэлъэщтэжьым. Мы жьлсIэжэр щхьэщытхъугъэ у, мыльку гъэпIийуэ къыфщыхьуну сыхуей кьым: ятпэм щыIахэм я псэукIэр апхуэдэт.

- Адрей лъэпкъхэм унэIут зэраIыгъамрэ адыгэхэм абы кIэ яхэлъа хабзэхэмрэ къэдкIэ зэщхьэщокI, - кьыпещэ псалъэхэм Мыхьмуд. - Псалъэм папщIэ, илъэсым и кIу зэцIкIэ унагъуэм х эхъу эу, хьеру иIам и Iыхьэ щанэр зэнIуутым ейт. Абы ипхуэ яшамэ, пхъунэтэдэлыр уэркъым и пщэрылът, и кьуэ кьишамэ, уасэр зытыр уэркъратэ Хэкум щиIым, унэIутхэр кьагъэнэнэрт, «Сыт дэ фэрыщIэу тщIэнур?» - жаIэурэ куэдыр кьахуэIнакъым.

Дэ адыг эш фIэкIа, тырку, инджьлыз шы лъэпкъхэр зетхуакъым. Адыгэшыр апхуэдизкIэ кьабзэщ, дахэщ, фIагъ хьэлэмэт куэд бгъэдэльщи, умыуэ ящIэу утепсэльыхьми, псэухуэныкъым.

Шы дамыгъэ тедзэ махуэхэм щIыхьэхэу ящIырт, щынэ зыбжанэ ящIырт, нэгъуэщI ерыскъы куэдри япщэфIырт, адыгэ жьлэ ихуреягъым щысым дэс цIыхухьхэм еджэрти, зы махуэм шы щэ ныкъуэм щIигъуэм дамдзыгъ ящIырт.

- Апхуэдэ щIыхьэхэм яукI щынэхэр гъэщIэгъуэну зэпIэфIырт, - жеIэ Нурэ. - Зи фэр траха зи кIуэцIыр кьраха щынэр Iыхьэ-Iыхьэу зэпкърамыхьу лэгъунпышхуэкIэ ягъэзэнхьырт, гъуаплъэ Iэнлъэшх уэм иральхэрти, ренэр, бжьын, бжьаныкъу, шыбжий плъыжь, фIыцIэ зэх зщIакIэ якудэрт, абы хальхьэрт дэ цIыкIу зэмылIэужьыгъуэхэмрэ щынэм и тхьэмщIыгъу гъэвэпхъамрэ, итIанэ зэгуадэжьырт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ягъэхьэзырэ щыIэр зэрыпсэу уэ я ягъажьэрт, Iэнэм кьыщыпталъхьэкIэ щатэшхуэ шыпсрэ хъынкIэлрэ гъусэ хуащIырт.

- Шы гуартэр зезыхуэ унагъуэмрэ абы и Iэнакъуэхэмрэ я къаркIэ зэфIэмыкIыу арат кьуажэ гъунэгъуэхэм дэсхэр щIыхэхуащхэсыр?

- Хьэуэ. Абыхэм уемыджэмэ, уи дамыгъэ тедзэр пхыкIынтэкъым, уи дамыгъэр яцIыхунутэкъым, уэри хабзэ кьекIуэжьым уэрремыбакъуэр нэрыльагъу кьащIыпт. А кьуажэ зыщыплI-зытхуэым дэсхэр кьыззэхуэпшэсынурэ ерыскъы Iэнэхэр кьахуэщIтэну: фо хьэкIуэхэр хыв шатэ щIэтхъэщIтхъам и щIыIум телъу, мэл кIапэ пшэрыр гъэварэ гъ убзытауэ, тхьэмщIыгъу гъэвэ зэпIуупщIам гуэлъ у, нэгъуэщI телыджэ Iэржи. Ауэ сыт хуэдиз ерыскъы кьыуымыIэтами, фадэ хэтынутэкъым. Хьэгъуэлъыгъуэ кьэмыхьуауэ ар кьащтэртэкъым, абы щыгъуэ кьаIэтри махъсымэ кIуэдейт. Нышэ гъэвар Iэнэм кьытехьа нэужь, Iэмал имыIэу абы кIэлъахьыр тхьукIэ гъэжьа лэпстехьэ хьэлыгъуанэ цIыкIуэр зыхъэль, тепщэм дагъэ дэхэ эм ярат лэпсрат зэрыгъэкIуэм.

- Фэ фхуэдэ нэхьыкьыфI угъурлыхэр хэкум кьэкIуэжмэ, зэхьэсхэм ящыщ къэдым ар щапхъэ яхуэхуну кьыщIэкIынт.

- Дэрэ догупсыс хэкум дыкъыззэрыкIуэжьным. Зы льапсэ зэдгъэпэщыну дыхуейщ мыбыкIэ дыщыщыIэкIэ дыщыпсэунэу.

- Мыхьмуд, ди тхакIуэхэм я Iэдакъэщ Iэкъэр зэрызэбдзэкIыр зыгъэнэщ, ауэ IуэрыIуатэм, хэхэсхэм я гъащIэм, я хьэл-щэным, я гушIэм фIы дыдэу ущыщыгъуазэкIэ, зыфIащащ программэр.

- Сотх. Ди адэжьхэм яIуатэу щытауэ сигу кьинахэри дыуэрэпсру дызэдэщысым зэхэсхэри сотх. Ар тэмэм дыдэ хьуэри схужьIэнукъым, ауэ зэхуэхьэса хьумэ, ар ззэныгъэзэхуэжьфыни кIыкIыуэкIынщ.

- Тхьэм фигъэпсэу. Ди гуапэу дынывзэдIуащ.

Епсэлъахэр

ШИРДИЙ Маринэрэ НЫБЭЖЬ Таисэрэщ.

БАБИН Юрий Иван и къуэр

И ныбжьыр ильэс 67-м иту 2007 гъэм щыщхьэIум и 21-м лIащ парт лэжьакIуэу щыта Бабин Юрий Иван и къуэр.

Бабин Юрий Иван и кIуэр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щыщ Налшык кьалэм кьыщалъхуащ. Абы монтажникым и гъэсэну 1958 гъэм Налшык дэт «Цветметприбор» заводым лэжьэн щыщIидзащ, иужькIэ а предприятэм и комсомол комитетым и секретару хахащ. КъыкIэлыкIуэ ильэсхэм ар лэжьыгъэр шынагъуэншэу кьызэгъэпэщынымкIэ бюром и инженер нэхъыжьу Налшык дэт «Севкавэлектроприбор» заводым щылэжьащ, ВЛКСМ-м и Налшык кьалэ комитетым и етIуанэ секретару щытащ.

1969 гъэм абы «инженер-механик» Iэщ IагъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къарал университетыр кьиухащ. Ростов щыIа парт школ нэхъыщIхьэр кьиуха нэужь 1972 гъэм КПСС-м и Налшык кьалэ комитетым и инструктору ягъэуващ, адэкIэ пропагандэмрэ агитацэмкIэ отделым и унафэщI хъущ. 1975 гъэм щыщIэдзауэ 1990 гъэм нэсыху Бабин Юрий парт органэхэм кьулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр щиIэгъащ: ар КПСС-м и Советскэ райкомым и етIуанэ секретару, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым кьызэгъэпэщынымкIэ-тарт дэжьыгъэмкIэ и отделым и инструктору, КПСС-м и Налшык кьалэ комитетым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и отделым и заведующу, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и отделым и унафэщIым и къуэдзэу, финанс-хозяйствэ IуэхухэмкIэ отделым и унафэщIу щытащ. 1992 гъэм щыщIэдзауэ 2006 гъэм нэсыху ар «Уют» хьэщIэщым и директору, КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я IуэхухэмкIэ управленэм и автобазэ №1-м и директору лэжьащ.

Ещи щалъхуа республикэм хьэлэзу зэрыхуэлэжьам папщIэ абы къратащ В. И. Лениныр кьызэралъхуэр ильэси 100 щрикъум ирихьэлIэу кьыдагъэкIа медалыр, КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр.

Бабин Юрий Иван и къуэм и фэепIэ нэхур дэ зэи дигу ихункъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэ.

● Iуэхущ Iэ

Зэныжьыгъуэм и къуэпсхэр

ЮНИСЕФ-м и жьауэм щIэту Кавказ Ищхъэрэм къыщыззрагъэпэща Сабий фондымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Правительствэмрэ зэрызэдэлажьэмкIэ зэращIыIа зэгурыIуэныгъэм ишкъ иту щыщхьэIум и 10-м къыщыщIэдзауэ и 20 щIыпIэ дуней республикэм и «Къхъужьей хадэ» зыгъэпсэхуэIэм щылажьащ «МамырщIокъу щIыналъэ сабий лагерь+» зыфIаща программэр.

Инджылызым щыIэ Бирмингем къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ таэквондомкIэ дуней псом пашэныгъэр къыщыхьыным теухуа зэхъэзэхуэ. Абы крихьэлIат къэралыгъуэ 50-м кьыкIа спортсмен-хэр. УФ-м и команд я къыхэхам хэту абы я зэфIэкI щагъэлэгъащ КъБР-м ITF таэквондомкIэ и федерацэм и лIыкIуэхэри.

ЗЭПЕУЭМ хэта ди спортсмен нэхъыжьхэри ныбжьыщIэхэри утыкуэхуэм игъэдэхьакъым икIи ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр зыIэрагъэхьащ. Зыхэта хьэлъагъ елъытауэ дыжьын медалхэр кьахъащ Бэлагъы зэкъуэшхуэ Алимрэ Залымрэ, Мамий Азэмэт, Кьэнэмэт Мадат, Дыгулыбгъэ Аазмэт, Алехин Сергей сымэ. Кадетхэм я деж ящэ увыпIэр кьыщадыщэ медаль кьыщызыхьа Джэдаэ Алимрэ (кг 66-рэ) Къэрэшей-Шэрджэсым и бэнакIэ, а зэпеуэм етIуанэ увыпIэр щызыIубыда КIыщмахуэ Руслан рэщ (кг 60). Абсолютнэ хьэлъатэ зиIэ хуэм я деж чемпионатым щыбэнэнущ «Гладиатор» спорт клубым и дзюдоист москвадэс Михайлин Александр. Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам Тау Хьэсэнбийрэ УнэшхуэлI Асльэнрэ зэкIэ хэхуакъым.

Къыхэдгъэщыну ди гуапэт иджыблагъэ Таиланд ым и Бангкок кьалэм щекIуэкIа Универсиадэм дзюдомкIэ Къэрэшей-Шэрджэсым и дзюдоист, КIыщмахуэ Руслан и кьуэш Назир килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж жэз медаль кьыззрыщIыкър.

Хьэщ Iыкъуей Олег.

● Таэквондо

Дыпэрэ дыжьыщу медали 10

хьащ Щокъуий Мурат, Сэбаншы Амир, Кьущхьэ Болэт сымэ. Къэнэмэт Мурат етIуанэщ.

ЕтIанэгъэ ди таэквондистхэр хэтынущ Кореем щекIуэкIыну зэхъэзэхуэм.

Ди спортсменхэм я ехъулIэныгъэм, дауи, и фIыщIэ хэлъщ абыхэм куэд щIауэ ядэлажьэ тренер емызэшIыж, КъБР-м ITF таэквондомкIэ и федерацэм и президент Дыгулыбгъэ Анатолий.

КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Идар.

● Дзюдо

Дуней пIа чемпионатым я щыIэ щIагъэ

ФОКIАДЭМ и пэщIэдзэхэм Бразилием дзюдомкIэ щекIуэкIыну дуней псо чемпионатым хэтыныгъэм я цIэхэр иджыблагъэ къыжаIащ. Ди гуапэ зэрыхъущ, апхуэдэ щIыхь зыхуагъэфащэхэм адыгэ щIалитI яхэхуащ. Ахэр тхьэмахуэ блэкIам Германием и зэхьэзэхуэ зэIуахуэ Брауншвейг къалэм щекIуэкIам щыIэ къалэ комитетым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и отделым и заведующу, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и отделым и унафэщIым и къуэдзэу, финанс-хозяйствэ IуэхухэмкIэ отделым и унафэщIу щытащ. 1992 гъэм щыщIэдзауэ 2006 гъэм нэсыху ар «Уют» хьэщIэщым и директору, КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я IуэхухэмкIэ управленэм и автобазэ №1-м и директору лэжьащ.

Ещи щалъхуа республикэм хьэлэзу зэрыхуэлэжьам папщIэ абы къратащ В. И. Лениныр кьызэралъхуэр ильэси 100 щрикъум ирихьэлIэу кьыдагъэкIа медалыр, КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр.

Бабин Юрий Иван и кIуэм и фэепIэ нэхур дэ зэи дигу ихункъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэ.

"Абхъазым и нартхэр" ди хьэщIащ

Мыпхуэдэ нэгъэзыкъ Зэрэгъыз дэсхэм куэд щIауэ ялъэгъуакъым. Щыхуи 150-рэ зыщIэхуэ Щэнхабзэмкlэ унэм щэнту анхуэдизу дыдэ щIагъэувэжьи хуей хьуа пэтми, концертым щыту епльаэхэри мащIэкъым.

МЫБЫХЭМ къаухеблагъат 2004 гъэм Юрмалэ Гран-При къыщIэзыхьа, 2006 гъэм КВН-м и литэ нэхъыщIхьэм щыгъэкIуа «Абхъазым и нартхэр» гупым хэт щIалэхэр.

Концертым кьрихьэлIат Шэрдэж куейм щыпсэуэхэм я мызакъуэу Налшык кьикIаХэри. Зэрэгъыж ахэр кьригъэблагъащ мы гупым и продюсер АфIэунэ Жабрэ Iил. «Абхъазым и нартхэр» я зыкъэгъэлъагъэуэныгъэр хьэрычэтыщIым тыгъэ яхуищIащ езыр щащIахуэ кьуажэм щыпсэуэхэм.

Зэхэусым кьрихьэлIахэм псом хуэмыдэу гукъинэж ящыхъуащ «Ныбжь зиIэхэм я хор», «Абхъазым и судыщIэхэр» гушIэ тепльэгъуэхэр.

ХьэщIэхэмрэ зэIуцIэр хъызэзыгъэпэщахэмрэ фIыщIэ ин яхуищIу къэпсэлъащ куейм и унафэщI Сэбан Арсен икIи «Абхъазым и нартхэм» хэтхэм саугъэтхэр яритащ.

КIЭБЫШЭ Лилэ.

Кьыпхэ Мухьэмэдрэ Нурэрэ: Хэкум и Iэфlагъыр и хьэуам хэтщ

● Ди лъэпкъэгъуэхэр

Налшык дэт «Адыгэ унэ» тыкуэным и кьыззэгъэпэщакIуэ нкIи и унафэщI Iутlыж Мэжид дигъэдыкуэм ящыщщ Тыркум и Измир кьалэ щыпсэу Кьып Мыхьмуд. Абы и IуэхущIафэхэм дыщыщигъэгъуаззм, нэхъ гъащIэгъуэм гъщыхьащ КъБР-м и щIыхубэ тхакIуэ Къэрмокьуэ Мухьэмэд и «Хьэтlохъущыкъуей хьыбархэр» тыркубзэкIэ зэридзэкIыу тхылъ кьызэрыдигъэкIар.

Зэщхьэгъуэсхэу Кьыпхэ Мыхьму дрэ Тохьуэ ярхьу Нурэрэ щIэх-щIэхьуурэ Хэкужьым къокIуэ, унагъуэ пIэу Налшык дэс ярхьу Гупсэ и деж. Нурэ унэгущIэ, Мыхьмуд щы кIдастрымкIэ инженер илъэс кулъдкIэ лэжьащ, иджы пенсонерщ. Абыхэм бынпIл зэдапIащ, ауэ Гупсэ и закъуэщ Хэкужьым къэкIуэжьну тегушхуар, я кIунщIыр Лондон щопсэу, щолажьэ.

- КъЫПХЭ къуажэкIэ Бабыгуейщ (Сэрмакъщ) зыщыщыр, ауэ Къулькъужьыкиэ дэсщ. Сурэтыщ цIэрыIуэ Кьып Мухьэмэди а къуажэрат кьызыдэкIар, - жеIэ Мыхьмуд ди псалъэмакьым и пэублэм. - Тыркум щыпсэу Кьыпхэ зэдэщIэм зэрэдежэр Бабыгуейщ, ауэ апхуэдэ жьлэу тIу мэхъу: зыр Уэрн-Яйла, адрейх зр Щыкъуерытыхьм (Средиземенэ хым) и Iуфэ лъэныкъуэмкIэ щопсэу. Къэбэрдейм япэу сыкъкъущыкIуам дэфтэр хьуМапIэм кьыщызгъэуэтыжащ ди унэкьуэщхэм ятеухуэ тхыгъэхэр. 1825 гъэм уэркъэр ябжатти, абы щыгъуэм ятхахэм хэтт сабийуэ Хэкум ящыщ си адэшхуэ Абдулчэрим (ильэситIым итт), абы и адэ Сулеймэн, адрейуэ абы и къуэшэри и къуэш бынхэри. А тхылъым и щIэтхыкIыр дэфтэр хьуМапIэм кьыщIэсхащ, адэкIэ лIакъуэм кьыпыщIащхэм я щIэхэр пыстхэкIри, абы щыгъуэм щIэзджыкIыу Iэдэм езыри си нэIуасэу и тхыгъэу згъуэта псори щIэзджыкIыу Iэдэм и тхыгъэ зэфIэзгъэувэжащ, иджы абы ди щIэблэм кьыпищэнымэ хуитщ. Ауэ зэкIэ дигу зыгъэнывыкъэр зыкъэтIэтту, псори Iэщыбгъ тщIыуэ дыкьэкIыжьи зэрымыкъурщ.

- Дэ И Измир кьалэщ дыщыпсэур, - кьыпещэ Мыхьмуд и псалъэхэм Нурэ. - Куэду щыпIэ дахэщ, дыхьуеир щыдогъуэт, мылькуи псэупIэ хэщрэ яни диIэщ, ауэ щIыпIэу дызытеувэр дыдейуэ зэрыщIымытыр сыт щигъуи зыхьдощIэри, аращ щIыIэу ди гум ильыр. Адыгэ льакъэм укьыщихьэкIэ, жьэдэпшэ хьэуамэ, уэзфэ псымэ, узытеувэ щIымэ и Iэфlагъыр заншIэу псэм йохуэфыпIэ. Дыкьэжьэкъыпэнуэ ауэ дэ ди ныбжькIэ здыиэсам Хэкум дыкьэзэрыкъущхьэпэжьнум нэхърэ, зи кьарр илъыгъуэ, зи дуней тетыгъуэ щIалэгъуалэм дакьыщдэIэпыкIыу кьэдгъэкIуэжрэ, абыкIэ дызэрыщIымэ хуэдэу закьыщIэгъакъуэмэ, нэхъыфIу кьыдолъытэ. Апхуэдэу щытми, щIэхщIэхьуурэ дыкьыкъэзрыкIуэмыкIым, нэхъыбэрэ дызэрыщIэным дихуущокъу.

- Мыхьмуд, адыгэбзэмрэ адыгэ лъахэмрэ уапэIэщIэу укъэхъуауэ анэдэлъхубзэкIэ тха тхылъыр зэдзэкIыным пыщIа лэжьыгъэр дауэ зэфIэпхыфа? А Iуэхум сыт утезыгъэгущхуар? Кьыпыпщэну уи мурад?

- Куэд дыдэ щIащ сэ кириллицэ хьэрфыльэр зэрысщIэрэ. Абы щигъуэм Хэкум укьыхьэ е мыбы щыщ хуиту накIуэ хьууэ щыттэкъым. Тхьэм и фIыщIэкIэ щIэныгъэншэуи сыкъэнакъым, хьерыншэуи сыщыгтакъым, адыгагъэми, адыгэ хабзэми, анэдэлъхубзэми сыхуэхеякъым.

СыщыщыкIум, нэхъыжьхьэм хьэщIэщ зэхуэс ящIырти, абы щIэх-щIэхьыурэ си адэ кьуэшым сахиIэрт. Езым щалIащ фIэкIа гъхьу иIэтэкъыми, егьэлеяуэ ситыдфIэрт, снIэгъуэхуэрт, сызджхишэм сыщIгъэпсальэрт. Сысабийми, «Дауэ сыныщIыкъэн?» - жысIэу сыщыгузавэкIэ, «КъакIуэ уэ!» - жиIэурэ сытригъэгушхуэрти: «Атlэ, сыIеймэ, Аныхьым и ягъэщ, сыщIэпщIэлапщIэмэ, уэ уи ягъэщ, си адэ кьуэшыщII» - жысIэрти сыщIыхьэрт. Си нэфI зыщыхуэм фIы защIэ яужысIэр т, сигу зэбгъэми жесIэн згъу этырт. Си адэм а псор идэртэкъым, «Пащащэр умыгъэщIэ!» - жиIэрт.

Ауэ си адэ кьуэшым:

- Хужь хужьщи, шыуаным хуэдэу хужь,

Нурэ и бгыр чеим хуэдэу псыгъуэщ.

Дарий шыум ис у, шынэфибгI щIэщIауэ

Езгъэшэнущ, - кьызжиIэурэ сигъафIэрт...

Ильэс 11-м ситу КъурIэн еджэнIэ зэбгъащIэмэ, пшынэ кьыпхэущтэщхунущ кьызжеяIаIэр жыжьапIъэтэкъэ? «УмыщIэу хъунукъым!» - жаIэу сыхагъэзыхьакъым, ауэ зэман кIэщым и кIуэцкIэ КъурIэныр срижэу щIэзджыкIыф сыхъущ, пшынэ еуэнми хъарзынэу сыхсхэзэгащ. Си адэ щыпхъэр фIы дыдэу еуэрт пшынэ, аращ сызыгъэсари. Зэхэмыхьэу кьафэ 400-м нэбгырэ ящIэрт абы, сэри а псор кьыхсхуэмыщтами, и нэхьыбэр зэзгъащIащ.

Ягъэм щыIа псэукIэ-зэхэтыкIэм хуэщIауэ, зыхуей игъэуту псэу щагъэуэ кьалыгъэм и Iэн хуей ягъэмышрт, мэлыщи, щакъхъуэгъажьэри, иджыри лэжьакIуэ Iэпыдзлъэпыдз зытIущ абыхэм яхэтыжу. Я нысэхээри ягъэпхуэхэри жэмыш ягъакIуэр тэкъым, ауэ IуэхуущэкIэмыщIэ у, лэжьыгъэм зыщадзейуэ кьамыгъэтрэджыкIэ щхьэкIэ, апхуэдэ Iэнатlэм пэрыт цIыхухэм гъусэ хуащIырт. Сэри си ныбжьымрэ схуэзэфIэкIынымрэ ельытагъуэ абы хэм сыдигъэзэпыкъуртти, си ней ящыхуамэ, хьуэрхэр яхуэзэусрыт.

ЦIыху 15 - 16 нэхьрэ мынэхь мащIэу, зэш-зэбынэм я унагъуэ зыбжанэу дызэхэсу дыпсэур т. Мэл щищ къашт, шыбэ гуартэхэр диIэти, si гъэм и кIуэцкIэ шы тIощым нэс псыежэхым щихь къэхъуртти, ар хэщыныгъэшхуэу зыми ильытэртэкъым. Шымахуэм мэкъумылэкIэ яхуримыгъэкъуагъэ, е нэгъуэщI зыгъэркIэ кIэлъыпытынэу кьэнамэ къаруунш хъуртти, апхуэдэ Iэщыр е шыр псы уэрыпн пэлъэщтэжьым. Мы жьлсIэжэр щхьэщытхъугъэ у, мыльку гъэпIийуэ кьыфщыхьуну сыхуей кьым: ятпэм щыIахэм я псэукIэр апхуэдэт.

- Адрей лъэпкъхэм унэIут зэраIыгъамрэ адыгэхэм абы кIэ яхэлъа хабзэхэмрэ къэдкIэ зэщхьэщокI, - кьыпещэ псалъэхэм Мыхьмуд. - Псалъэм папщIэ, илъэсым и кIу зэцIкIэ унагъуэм х эхъу эу, хьеру иIам и Iыхьэ щанэр зэнIуутым ейт. Абы ипхуэ яшамэ, пхъунэтэдэлыр уэркъым и пщэрылът, и кьуэ кьишамэ, уасэр зытыр уэркъратэ Хэкум щиIым, унэIутхэр кьагъэнэнэрт, «Сыт дэ фэрыщIэу тщIэнур?» - жаIэурэ куэдыр кьахуэIнакъым.

Дэ адыг эш фIэкIа, тырку, инджьлыз шы лъэпкъхэр зетхуакъым. Адыгэшыр апхуэдизкIэ кьабзэщ, дахэщ, фIагъ хьэлэмэт куэд бгъэдэльщи, умыуэ ящIэу утепсэльыхьми, псэухуэныкъым.

Шы дамыгъэ тедзэ махуэхэм щIыхьэхэу ящIырт, щынэ зыбжанэ ящIырт, нэгъуэщI ерыскъы куэди япщэфIырт, адыгэ жьлэ ихуреягъым щысым дэс цIыхухьхэм еджэрти, шы щэ ныкъуэм щIигъуэм дамдзыгъ ящIырт.

- Апхуэдэ щIыхьэхэм яукI щынэхэр гъэщIэгъуэну зэпIэфIырт, - жеIэ Нурэ. - Зи фэр траха зи кIуэцIыр кьраха щынэр Iыхьэ-Iыхьэу зэпкърамыхьу лэгъунпышхуэкIэ ягъэзэнхьырт, гъуаплъэ Iэнлъэшх уэм иральхэрти, ренэр, бжьын, бжьаныкъу, шыбжий плъыжь, фIыцIэ зэх зщIакIэ якудэрт, абы хальхьэрт дэ цIыкIу зэмылIэужьыгъуэхэмрэ щынэм и тхьэмщIыгъу гъэвэпхъамрэ, итIанэ зэгуадэжьырт. Апхуэдэ щIыхьэхэр ягъэхьэзырэ щыIэр зэрыпсэу уэ я ягъажьэрт, Iэнэм кьыщыпталъхьэкIэ щатэшхуэ шыпсрэ хъынкIэлрэ гъусэ хуащIырт.

- Шы гуартэр зезыхуэ унагъуэмрэ абы и Iэнакъуэхэмрэ я къаркIэ зэфIэмыкIыу арат кьуажэ гъунэгъуэхэм дэсхэр щIыхэхуащхэсыр?

- Хьэуэ. Абыхэм уемыджэмэ, уи дамыгъэ тедзэр пхыкIынтэкъым, уи дамыгъэр яцIыхунутэкъым, уэри хабзэ кьекIуэжьым уэрремыбакъуэр нэрыльагъу кьащIыпт. А кьуажэ зыщыплI-зытхуэым дэсхэр кьыззэхуэпшэсынурэ ерыскъы Iэнэхэр кьахуэщIтэну: фо хьэкIуэхэр хыв шатэ щIэтхъэщIтхъам и щIыIум телъу, мэл кIапэ пшэрыр гъэварэ гъ убзытауэ, тхьэмщIыгъу гъэвэ зэпIуупщIам гуэлъ у, нэгъуэщI телыджэ Iэржи. Ауэ сыт хуэдиз ерыскъы кьыуымыIэтами, фадэ хэтынутэкъым. Хьэгъуэлъыгъуэ кьэмыхьуауэ ар кьащтэртэкъым, абы щыгъуэ кьаIэтри махъсымэ кIуэдейт. Нышэ гъэвар Iэнэм кьытехьа нэужь, Iэмал имыIэу абы кIэлъахьыр тхьукIэ гъэжьа лэпстехьэ хьэлыгъуанэ цIыкIуэр зыхъэль, тепщэм дагъэ дэхэ